



DUMADINING WATUSIGAR

SUTOPO
&
SUKOCO HADI WARISO

Gununghidul
Handayani

DUMADINING
WATUSIGAR

DUMADINING WATUSIGAR

SUTOPO

&

SUKOCO HADI WARISO

*Gunung*hidul 
Handayani

DUMADINING WATUSIGAR

Penulis : Sutopo, Sukoco Hadi Wariso
Pendamping : Pardi
Editor isi : Sotopo
Editor Bahasa : Sukoco Hadi Wariso
Perancang sampul : Sutopo,
Penata Isi : Sukoco Hadi Wariso

Cetakan pertama, Mei 2018

iii + 39 halaman

14 x 20 cm

Diterbitkan oleh

Dinas Kebudayaan Gunungkidul, Yogyakarta.

ISI BUKU

PEPELING BUPATI

PEPELING KEPALA DINAS KEBUDAYAAN GUNUNGKIDUL

PEPELING LURAH WATUSIGAR

Desaku Gemah Ripah Loh Jinawi

Pitatur Luhur

Wewengkon ing Watusigar

Bumi Watusigar

Guyup Rukun

Mula bukaning Watusigar

Cariyos Sepisan

Cariyos Kaping Kalih

Watusigar Kang Diayomi

Tepo Seliro

Urip Kudu Urup

Ojo Dumeh

SUMBER LAN NARASUMBER

PENULIS DAN PENYUSUN

PEPELING BUPATI GUNUNGKIDUL

PEPELING DINAS KEBUDAYAAN

PEPELING KEPALA DESA WATUSIGAR

Buku menika mujutaken pepenget / pengiling iling dateng warga masyarakat sedesa Watusigar lan para generasi Desa Watusigar supados saget anjagi kelestarian adat budaya engkang sampun sinengker ing Desa Watusigar. Utaminipun gesang guyup rukun lan gotong royong abangun tlatah Desa Watusigar.

Buku sejarah Desa Watusigar saget mawujud amargi makarya sesarengan Dinas Kebudayaan Kabupaten Gunungkidul, mila atas nami Kepala Desa Watusigar ngaturaken maturnuwun awit pambiyantunipun :

1. Kepala Dinas Kebudayaan Kabupaten Gunungkidul
2. Kepala Bidang Sejarah, Budaya dan Sastra
3. Kasie Sejarah Dinas kebudayaan Kabupaten Gunungkidul
4. Staf Dinas kebudayaan Kabupaten Gunungkidul

Sedaya kala wau engkang sampun nyembadani penulisan buku sejarah Desa Watusigar punika mugi mugi buku menika saget migunani dateng mliginipun warga masyarakat ing Desa Watusigar lan umumipun ing tlatah Gunungkidul.

Panyaruwi (kritik lan saran) kula suwun amrih leresipun penulisan Buku sejarah Dumadine Desa Watusigar.

Watusigar, 30 Maret 2018

Kepala Desa Watusigar



DESAKU GEMAH RIPAH LOH JINAWI

PITUTUR LUHUR TEMBANG JAWA DANDANG GULA

*Poru wargo watusigar sami
Angrasakna uripe kang mulya
Ayem tentrem keluargane
Urip kang guyup rukun
Eling marang kodrate gusti
Dadiya tepo tulodha
Pro kawula tuhu
Tebih nir ing sambikola
Tingkah laku Andhap asor ing sesami
Rahayu salaminya*



(Dening Ki Wariso)

Tembang dhandhanggula Sukma langgeng

*Aduh sukma kang rumeksa mami
Kang nyawiji jiwa lan raga
Ing rina kalawan wengine
Nglakoni urip iku
Manut kodrat kang maha suci
Dahna saka panggodha
Tentremna uripku
Mulyakna suwarga donya
Muga muga tekan alam langgeng yekti
Kalis ing sambikala*



(Dening Ki Sukoco Hadi Wariso)

WEWENGKON ING WATUSIGAR

Mapan ing iring kidul Gununggambar tlatah bumi ing Yuyakarta Hadiningrat iring eler, rumiyen kalebet bumi sengketa ing wewengkon Pura Mangkunegaran tlatah Surakarta, Tilaran pangeran Sambernyowo duk ing uni. Milo ing iring kidul tlatah Desa Watusigar wonten wates Mangkunegaran lan Kasunanan Ngayogjokarto ingkang diwastani Tugu Lase.



Foto 01. Tugu Lase

Wates wates Desa Watusigar :

- Iring kulon watesipun Desa Katongan kecamatan Nglipar,
- Iring kidul watesipun Desa Jatiayu Kecamatan Karangmojo
- Iring wetan watesipun Desa Kalitekuk Kecamatan Semin
- Iring ler Desa Beji kecamatan Ngawen



Foto 02. Peta Desa Watusigar

STRUKTUR ORGANISASI PEMERINTAH DESA WATUSIGAR



Desa watusigar wiyaripun watawis 2500 Ha, engkang sak perangan antawis 1000 Ha dipun huni kagem griyo penduduk, sak perangan antawis 1500 Ha kangge olah tetanen ing antawesipun

- ❖ Persawahan
- ❖ Polowijo
- ❖ Holtikultura
- ❖ Perikanan
- ❖ Peternakan
- ❖ Kebun buah



Foto 03. Papan Persawahan



Foto 04. Subure Bumi Watusigar



Foto 05. Tanaman Hortikultura



Foto 06. Tanaman Pepaya

Desa watusigar kathahipun penduduk kirang langkung 5560 jiwa

- 2752 priya
- 2808 wanita

Engkang sak perangan ageng petani engkang sanesipun, PNS, Pedagang, Wiraswasta.



Foto 07 Jembatan Watusigar



Foto 08. Kali Oya

Bumi Wewengkon Watusigar kabelah dados kalih perangan dining kali Oya, ingkang mapan sakkidul kali Oya wonten 5 (gangsal) padukuhan, ing antawisipun iring kilen piyambek Dusun Buyutan sak wetanipun Dusun Munggur lajeng Dusun Dungmas lajeng Dusun Cikal Lan Randusari.

Dene engkang mapan sak eler kali Oya wonten 7 (pitu) padukuhan, engkang mapan wonten ing iring kilen piyamabak Dusun Ngimbang sak wetanipun Dusun Ngampon, Dusun Sabrang, Dusun Kepek, Dusun Watusigar, Dusun Tapansari lan Dusun Sambirejo.

dados. sedoyo wonten 12 (kaleh welas) padukuhan.



Foto 09. Padukuhan Tapansari



Foto 10. Padukuhan sambirejo



Foto 11. Padukuhan Randusari



Foto12. Padukuhan Cikal



Foto 13. Padukuhan Dungmas



Foto 14. Padukuhan Munggur



Foto 15. Padukuhan Buyutan



Foto 16. Padukuhan Ngimbang



Foto 17. Padukuhan Ngampon



Foto 18. Padukuhan Sabrang



Foto 19. Padukuhan Kepek



Foto 20. Padukuhan Watusigar



Foto 21. Seni Pedalangan



Foto 22. Seni Tradisi

Adat budaya ingkang lumampah wonten ing tlatah Watusigar mawarni warni ing antawesipun:

- Nguri uri adat tradisi
 - a. Bersih dusun (Rasulan)
 - b. Kenduri sadranan
 - c. Tingkepan
 - d. Kenduri selamatan kasidan jati



Foto 23. Seni Tari



Foto 24 Sanggar Tari



Foto 25. Tari Petani Tradisi



Foto 26. Seni Kethoprak

- Seni Budaya
 - a. Ringgit purwa
 - b. Kethoprak
 - c. Gejok Lesung
 - d. Reog, Jathilan
 - e. Tari tari
 - f. Dolanan
 - g. Riyas manten
- Pelestarian situs sejarah
 - 1. petilasan
 - a. Petilasan punthok tapan
 - b. Petilasan Poh Plengkung
 - c. Petilasan Palu Ombo
 - d. Petilasan gedong

2. Sendang
 - a. Sendang ngimbang
 - b. Sendang Banyuripan
 - c. Sendang Cikal

Agama dan keyakinan

- | | |
|-------------|--------|
| 1. Islam | 94,51% |
| 2. Kristen | 4,64% |
| 3. Katholik | 0,22% |
| 4. Hindu | 0,63% |



Foto 27. Masjid Agung Randusari



Foto 28. Gereja Kristen Watusigar

- Pawayatan
 - PAUD
 - Taman Kanak Kanak
 - Sekolah Dasar



Foto 29. Taman Kanak Kanak Desa Watusigar



Foto 30. SD Negeri Watusigar 2

MULA BUKANE WATUSIGAR

Mula buka dumadine Desa Watusigar, Watusigar kalebet Desa engang benten kaliyan Desa sanesipun kang wonten ing tlatah Gunungkidul. Amargi Desa Watusigar kalebet bumi sengketa ing antawisipun mangku negaran Surakarta lan Kasultanan Ngayogyakarta

Miturut sejarah kawuri nalikanipun tlatah Surakarta Mangkunegaran dipun jajah bongso walondo, sak perangan prajurit lan trah ratu ing Surakarta wonten kang mlajar mangidul parane ing antawisipun; Ponco Sedewo, Ponco Benawi, Ponco Dirjo, Jiwo Yudo.

Pangeran Sambernyawa minggah wonten ing redi kang inggil Arso semedi saperlu nyuwun pituduh saking ngersaning ywang widhi (tuhan Yang Maha Esa), ugi nyusun kekiatan kangge berat bongso walondo kang wonten ing bumi nuswantoro.

Sawenehing dalu kang hening Pangeran Sambernyawa antuk sasmitaning gaip supados damel peranganing wates wates bumi Surakarta lan Yogyakarta, nuli lenggah ing plataran madep mangetan anggambar wates watesing bumi Yogyakarta lan Surakarta.

Mila papan kasebat, katelah papan kang wigati, lajeng kyai Sambernyawa maringi tetenger **GUNUNGGAMBAR.**

sakinggo ngantos sakmenika Gununggambar dados papan
Wisata Religi kang kondang kaloka mligine wonten ing tlatah
Gunungkidul, lan sak kiwa tengenipun.

Pangeran Sambernyawa sak sampunipun antuk gegambaran
lumantar sasmita ghaip lajeng mandap saking
Gununggambar mangidul jumujuk ing redi alit, naliko
semanten kangge masanggrah salah satunggaling perjurit
saking tlatah Surakarta nama pun Ki Ageng Ponco Tirto.

Pengeran Sambernyawa nderek masanggrah sak wetawis
wonten ing Redi kasebat ing wau ngajeng, sak jeruning dalu
kang hening Pangeran Sambernyawa pikantuk sasmitaning
ywang Widi (Tuhan Yang Maha Esa) wonten sawenahing
gegambaran wujuting watu kang gedhe dawah saking
ngantarikso.

Sakderenge dumawah ing bumi, watu kasebat pecah dados 2
(kaleh) perangan. Kang sak perangan dawah ing
Gununggambar sak perangan malih dawah ing sak kiduling
pesanggrahan.

Mila wonten ing rejaning jaman dipun paringi tetenger
WATUSIGAR.

Wonten pemanggeh sanes dumadining Watusigar miterat
sesepuh masyarakat ing Desa Watusigar, bilih nami
Watusigar kadadosan saking jaman Ki Ageng Mangir

engkang piyambak ipun laku lelono brata lajeng Ki Ageng Mangir kasebat masanggrah.

Sak lebetipun masanggrah piyambakipun utusan dateng penderek supados amususi uwos (beras) wonten sak pinggiring kali, penderek kasebat dipun antu - antu kok dangu sanget mboten wangsul dateng pesanggrahan, sak sampunipun penderek wangsul ing pesanggrahan nulyo matur dateng Ki Ageng Mangir bilih ing pinggiring kali wonten wujuding watu ageng sigar dados 2 (kalih).

Milo piyambakipun katenggengen katungkul amirsani wujuding watu kang pecah wonten sak pinggiring kali. Saklajengipun Ki Ageng Mangir abuktek aken dateng pinggiring kali, sareng ngawuningani wujuding watu ageng engkang sigar, milo papan meniko dipun parangi tenger

WATUSIGAR.



Foto 31. Watu Kang Sigar ingkang mapan ing Watusigar



Foto 32. Watu ing sak pinggiring kali oya

Mila katetepaken **Dumadine Desa Watusigar wonten ing Dino Seloso Legi, tanggal 30 wulan Juni tahun 1918.**

Tanggal Wulan Tahun ing ngajeng kasebat, kedadosan saking

Tanggal 30 dipun jumlah, lajeng dipun \times Wulan Juni (6) sahinggo dados 18 pinongko tahun dumadining Watusigar 1918.

Seloso = 3

Legi = 5

Jumlah pasaran (5) \times Bulan (6) = 30 (tanggal dumadining Watusigar)

Jumlah dino (3) \times Bulan (6) = 18 (tahun dumadining Watusigar)

Rikolo tahun 1926 bumi Ngawen kanthi pemerintahan taksih kebawah keprintah ing Kademangan Wuryantoro Wonogiri, *mila wonten tetembungan bumine Surakarta wonge tak titipke Yogyakarta.*

Kademangan Wuryantoro utusan dateng **Ronggo Dwijo Sastro** pinongko lurah kang sapisan ing Desa Watusigar saking tahun 1918 dumugi 1924.

Mila saking Kademangan Wuryantoro hanetepaken Atmo Suwito pinangka carik kang sepisan wonten ing wewengkon watusigar. Purnanipun **Dwijo Sastro** sak

lajengipun dipun gantos kaliyan **Atmo Supadiyo** lurah kang kaping 2 (kalih) saking tahun 1924 dumugi 1956 saking Padukuhan Tapansari.

Purnanipun **Atmo Supadiyo** dipun gantos **Martoijoyo** pinonggko lurah kaping 3 (tigo) tahun 1956 dangunipun jroning 8 (wolu) wulan.

Sak purnaning Martowijoyo dipun lajengaken **Patmo Suwito**. pinonggko lurah kaping 4 (sekawan) Saking` tahun 1957 dumugi 1965, Mila sambung rapetipun Desa Watusigar miturut paugeran Ing rikolo Tanggal 20 maret 1958 mawi UU no 14 tahun 1958 dipun tetepaken pengukuhan wilayah ngengingi kedudukan wilayah ing antawisipun:

1. Imogiri
2. Kota Gede
3. Ngawen

Wondene resmi dipun timbali dhateng Kepatihan Yogyakarta rikolo tanggal 01 Januari 1959. Mila bumi ngawen katetepaken dados pemerintahan Yogyakarta.

Saklajengipun Padmo Suwito wekdal semanten kenging pranatan G.30S/ PKI tahun 1965 milo **Patmo Suwito** dipun lengser lajeng pun gantos kaliyan **Ngadenan** saking tahun 1966 dumugi 1993 pinongko lurah engkang kaping 5 (gangsal). Purnanipun Ngadenan dipun gantos **Paija** saking

tahun 1993 dumugi 2012 pinongko Kepala Desa engkang kaping 6 (enem). Sak purnaning **Paija** dipun gantos **Pardi** saking tahun 2012 dumugi 2018 pinongko kepala Desa engkang kaping 7 (pitu).

Urutan Lurah Desa Watusigar

Nomer	Nama	Periode	Keterangan
1.	RONGGO DWIJO SASTRO	1918 - 1924	Lurah
2.	ATMO SUPADIYO	1924 - 1956	Lurah
3.	MARTO WIJOYO	1956	Lurah
4.	PATMO SUWITO	1957 - 1965	Lurah
5.	NGADENAN	1966 - 1993	Lurah
6.	PAIJA	1993 - 2012	Kepala Desa
7.	PARDI	2012 - 2018	Kepala Desa



Foto 33. kepala Desa ke VI (PAIJA)



Foto 34. kepala Desa ke VII (PARDI)

Desa Watusigar rumiyeun kaperang dados 11 (sewelas) Padukuhan, rikala pemerintahan lurah Ngadenan padukuhan Dungmas dipun perang dados kalih engkang sak perangan dados padukuhan Cikal. Milo sakmeniko Desa Watusigar dipun perang dados 12 (kaleh welas) padukuhan.

Sak perangan padukuhan wonten ingkang kagungan situs sejarah ingkang tasih dipun lestantunaken lan dipun jagi mawi adat tradisi lan budaya kang lumampah.

Ing antawisipun:

Padukuhan Tapansari kagungan situs sejarah utawi petilasan ingkang nami petilasan Punthuk Tapan, lan budaya tradisi arupi thoklig (musik bambu) ugi Reog lan Jathil.

Padukuhan Buyutan kagungan situs petilasan ingkang dipun westani petilasan eyang Palu Ombo ugi wonten budaya kang taksih dipun uri - uri kadosta; Reog lan karawitan, saben setahun sepisan wonten tradisi ingkang dipun wastani Merti dusun (rasulan) mawi tingalan pagelaran wayang purwo sedalu natas.

Padukuhan Watusigar ugi gadah situs arupi uwit ageng kang saben tahun kangge ritual sadranan lan merti dusun, ugi saben saben merti dusun ugi ngawontenaken pagelaran wayang purwo sedalu natas, ugi ngrembakak aken seni tari

kang dipun wadhahi ing sanggar tari sarto wonten busana adat jawi.



Foto 35. Papan Ritual Dusun Watusigar

Padukuhan Randusari wonten petilasan arupi sendang kang toyanipun dipun pitados srono kangge usodo wong kang nandang gerah ugi toyanipun ngurakapi dumateng wargo mila dipun wastani sendang Banyuripan utawi engkang rinekso **Eyang Glinggang Jati**.

Adat Tradisi kang lumampah ing padukuhan Randusari injih puniko saben wanci sadranan takseh ngawontenaken kenduri wonten ing sendang Banyuripan ugi mertu dusun

(rasulan), saben saben merti dusun ugi ngawontenaken pagelaran seni wayang purwo sedalu natas kang mapan wonten ing balai padukuhan. ugi wonten sanggar pedalangan lan karawitan.

Padukuhan Dungmas ugi nguri uri adat tradisi engkang lumampah wujutipun merti dusun (rasulan), ingkang saben tahun tetep dipun lestantonaken ngangge tingalan seni tayup.

Padukuhan Sabrang ugi wonten situs kang dipun wastani **Eyang Poh Plengkung.**

Semanten ugi wonten ing Padukuhan Ngampon wonten situs sejarah wujutipun **Pasarehan Gedong Eyang Buyut Palu Ombo.**

Menawi Padukuhan Ngimbang kagungan situs sejarah petilasan arupi sendang kang dipun westani **Sendang Josepuro**, wondene tradisi kang lumampah kadosto; Merti dusun (rasulan), saben saben merti dusun ugi ngawontenaken pagelaran seni tradisi.

Semanten ugi Padukuhan Cikal ugi nguri uri adat tradisi merti dusun (rasulan), kang saben tahunipun tetep dipun lestantunaken ngangge tingalan seni tayup.

WATUSIGAR KANG DIAYOMI

“Urip iku kudu urup” (Sunan Kalijogo, Wali Songo).

Saking benten-benten pemanggih cariyos ingkang dipun rembak dateng bab sakderengipun, ketingal bilih Desa Watusigar puniko diayomi Gusti kang Murbeng dumadi (Tuhan Yang Maha Esa) dumateng bumi lan para leluhur Desa Watusigar ingkang sampun dumadi saking dinten Selo Legi, Suryo 30 Juni tahun 1918.

Tepo Seliro

Sakmeniko, Desa Watusigar dados Desa ingkang gemah ripah loh jinawi tata titi tentrem karto turr raharjo. Sabin ingkang wiyar sami ijo ketingal ijo royo-royo kuning gumrining taneman pantun poro petani. Radosan ingkang alus lan wiyar nggampangaken poro petani dan lan wargo anggenipun makaryo.

Cariyos ingkang benten-benten meniko menawi pemanggih poro sesepuh mekaten : *bedaning penemu sampun ngantos ngobak obak ketentremnipun tiyang sanes.*

Sedoyo meniko miterat pemanggih kulo lan poro pinisepuh ing Desa Watusigar.

Urip Iku Kudu Urup

Menawi dipun taliti kanti menep, sejasosipun dhawuh ingkang wonton cariyos meniko sami kaliyan dhawuhipun Kanjeng Sunan Kalijogo, bilih urip meniko kedah urup. Kedah migunani tumraping tiyang sanes. Sampun Ngantos mbedakaken endek duwuring derajat, pangkat, lan sugih miskining donyo lan agama.

Mula tiyang gesang kedah andhap ashor dhateng sepadhaning gesang supados katingal ayem tentrem sayuk rukun bandul ngrompol.

OJO DUMEH

“Amrih begjo kudu sumeleh” (paribasan Jawi).

Menawi dipun penggalih kantih semeleh, maos adeging Desa Watusigar menika ngengetaken kaliyan pesen para pinisepuh Jawi, bilih manugso ojo dumeh, amrih begjo kudu sumeleh.

Pepeling menika dados pengeling-eling kulo lan wargo ing Desa Watusigar bilih urip kudu sapada-pada, ora adigang adigung adiguno, lan kudu nglembah manah.

Tulisan menika takseh purwakan, Artosipun taksih mbetahaken panyaruwe saking poro pini Sepuh lan ingkang langkung pono Bab sejarah Desa Watusigar, sahingga taksih khatah kekirangan ipun.

SUMBER LAN NARASUMBER

Sumber

Cerita Rakyat

Nara Sumber

1. **PARDI**
Kepala Desa ing
Watusigar,
Lahir Gunungkidul 08
Agustus 1966 tinggal ing
Ngimbang rt 03 rw 08,
Watusigar, Ngawen,
Gunungkidul.



2. **MITRO SUWARNO (72),**
Sesepuh Desa



PENYUSUN LAN PENULIS

Penulis:

1. SUTOPO

Lahir Gunungkidul 15
Nopember 1977 tinggal di
Kepek rt 01 rw 11, Watusigar,
Ngawen, Gunungkidul.



2. SUKOCO HADI WARISO

Lahir Gunungkidul 11
Nopember 1971 tinggal di
Randusari rt 03 rw 03,
Watusigar, Ngawen,
Gunungkidul.



Pendamping:

PARDI

Lahir Gunungkidul 08 Agustus
1966 tinggal ing Ngimbang rt
03 rw 08, Watusigar, Ngawen,
Gunungkidul.



Penyusun: